



Komisyon Dwa moun nan Maine

51 State House Station, Augusta, ME 04333-0051

Adrès: 19 Union Street, Augusta, ME 04330

Telefòn (207) 624-6290 □ Fax (207) 624-8729 □ TTY: Maine Relay 711

www.maine.gov/mhrc

Amy M. Sneirson

DIREKTÈ EGZEKITIF

Barbara Archer Hirsch

KONSEYE JIRIDIK KOMISYON AN

NÒM ADA POU KONSEPSYON AKSESIB NAN MAINE POU 2010 LA

Kisa ki Diferan nan Lwa Eta Maine yo?

Lwa sou Dwa Moun nan Maine (Maine Human Rights Act), 5 M.R.S. §§ 4594-G (“MHRA”), ansanm ak Nòm 2010 ADA pou Konsepsyon Aksesib (“Nòm 2010 yo”) gen **menm egzijans, sof:**

1) MHRA konprann “**nouvo konstriksyon**” yon lòt jan:

- MHRA: Sant lan konstri pou premye okipasyon oswa chanjman si depans chanjman an nan 75% oswa plis pase pri ranplasman tout sant lan okonplè. Nòm 2010: Sant lan te konstri pou “premye okipasyon.”

2) MHRA egzije yon “**sètifikasi aksesib**” plan yo jan sa dekri anba a:

- Si depans konstriksyon an oswa chanjman an se \$75,000 pou pi piti,
- Konstriktè sant lan dwe gen yon sètifikasi de yon achitèk, yon enjenyè pwofesyonèl ki gen lisans, yon dekoratè enteryè ki gen lisans oswa yon achitèk peyizaj epi plan yo reponn a Nòm 2010 yo, epi

Soumèt li ak tout plan yo bay Komisè Ponpye Eta a ak Vil la.

3) MHRA egzije **Komisè Ponpye** a pou l **apwouve** plan yo jan sa dekri anba a:

- Si se konstriksyon yon edifis tou nèf pou tout moun anjeneral ka itilize,
- Vil la paka bay yon pèmi pou konstriksyon an fèt san biwo Komisè Ponpye a pokò apwouve plan yo epi sètifye ke yo reponn a Nòm 2010 yo.
- Si Komisè Ponpye a pa pran okenn desizyon nan de semenn, konstriktè a ka prezante yon atestasyon de konfòmite enjenyè oswa achitèk la bay vil la pou li jwenn otorizasyon pou l bati.
- Li kouvri “edifis publik” li enkli tou sa yo ki bati pou:
 - Eta a, objektif minisipal oswa konte
 - Edikasyon
 - Swen Sante, kay pou swen enfimyè oswa nenpòt sant ki otorize pa Depatman Sante epi Sèvis Sosyal
 - Asanble Piblik
 - Otèl, motèl, obèj, chanm oswa pansyon
 - Restoran
 - Biznis oswa sant komèsyal ki gen plis pase 3,000 pye kare oswa plizyè etaj

4) MHRA egzije **enspeksyon** nan vil la, edifis ki fini jan sa dekri anba a:

- Si se yon konstriksyon tou nèf oswa modifikasyon yon restoran, motèl, otèl oswa obèj; yon edifis eta, minisipal oswa konte a; oswa ankò yon lekòl elemantè oswa segondè,
- Ki bezwen yon sètifikasi aksesib (gade pi wo a),
- Epi vil la ap fè enspeksyon edifis yo yon lòt fason pou respè nòm konstriksyon yo,
- Apre sa, vil la dwe fè enspeksyon edifis la okonplè pou konfòmite ak plan ke Komisè Ponpye a oswa pwofesyonèl konsepsyon an te otorize yo anvan yo livre yon pèmi